

“Komik Strip: Andum karo Kanca”



Djani lan Kinan kulina mangan bebarengan karo kanca-kancane neng kantin sekolah nalika ngaso. Ananging dina iki, Kinan ora mlebu sekolah amarga lagi lara. Nalika arep mangan sangune, Djani weruh Raras lungguh dhewean neng pojok sinambi nyekel gendul wedang. Djani ndelokke Raras ora nggawa wadhah sangu. Djani age-age nyedhaki Raras.





Raras, kowe kok lungguh dewan. Ayo awor karo kanca-kanca neng meja kana.



Ora usah Djani, aku neng kene wae.





Tak mat-matke
kawit wingi kowe
lungguh dewan.
Ana apa?




Sangumu endi? Dak kancani
neng kene wae yen kowe
ora gelem
awor karo liane.

Raras kandha karo Djani yen
ibune nembe gerah
lan ora ana kang ngrewangi
nggawekke sangune.


Djani nekani kanca-kancani kang mau mangan bareng dheweke.



Pungkasane Djani lan kanca-lancane pindhah menyang mejane Raras. Bocah-bocah kuwi wis nglumpukake sangune kang arep diwenehake Raras. Ana sing menahi susu kothak, ana sing menahi apele siji, ana sing menahi klepone loro, ana uga kang menahi onde-ondene kanggo Raras.




Dene Djani menehi puthu ayu siji lan kelengkeng telu, kebeneran iki mau dheweke sangu puthu ayu loro, arem-arem siji, lan uga kelengkeng. Bocah-bocah nglumpukake neng ndhuwur wadhah sangune Djani.






Telung dinane sak banjure...

Kanca-kanca, dina iki
ora usah andum sangu karo aku.
Ibuku wis dhangan
lan wiwit dina iki aku wis nggawa
sangu meneh. Matur nuwun yaaa,
kowe kabeh wis gelem andum
sangu telung dina iki. Lan dina iki
ibuku nyangoni jeruk kanggo kowe
kabeh minangka atur panuwun.



Bu Dewi ora sengaja mirengake guneman Raras, Djani, lan kanca-kancane.
Bu guru banjur nyedhaki bocah-bocah.





Bocah-bocah, ibu seneng banget mireng kowe kabeh gelem andum sangu lan nggatekake kahanane kanca liane. Matur nuwun ya. Bu Dewi bangga karo kowe kabeh. Awit kowe kabeh wis gelem andum apa sing kok nduweni, isa marakke donya iki dadi papan sing luwih apik. Dadia bocah sing preduli lan gemati karo liane.